

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.

#### 5.1 Kacindekan

Skripsi anu judulna “Ajén Éstética Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung”. Panalungtikan ieu nyoko kana pedaran ajén éstética dina Topéng Bénjang. Métode anu digunakeun panalungtikan nyaéta ngagunakeun métode deskriptif kualitatif jeung di wuwuhan maké téhnik wawancara, observasi, dokuméntasi jeung talaah pustaka. Nalika prosés panalungtikan aya sawatara hal nu kapanggih di antarana: sajarah jeung prak-prakan Topéng Bénjang, unsur-unsur seni dina Topéng Bénjang, jeung ajén éstética dina Topéng Bénjang.

Kasenian Topéng Bénjang mangrupa kasenian tradisional dina wanda seni tari. Kasenian Topéng Bénjang mimiti aya kira-kira taun 1940 dina enas-enasna kasenian ieu téh mangrupa pamekaran tina kasenian Benjang Hélaran jeung Bénjang Gulat. Nu ngabédakeunna nyaéta dina wanda seni tari Topéng Bénjang mah, lamun Bénjang Hélaran nyaéta seni arak-arakan, jeung Bénjang Gulat mah dina wanda béra diri widang olahraga. Di taun 2011 Sanggar Réngkak katineung di percaya ku pamaréntah satempat pikeun nuluykeun pewarisan Topéng Bénjang ti Abah Entis supaya Topéng Bénjang teu tumpur tur tetep mekar jeung dipikanyaho ku masarakat jaman kiwari.

Sanggar Réngkak Katineung miboga harti nyaéta *Réngkak*, anu hartina gerak, jeung diwangun ku tujuh kecap nu saluyu jeung poé anu aya tujuh, anu kudu ku urang lakonan dinu kahirupan nyaéta aya tujuh poé jeung kudu dimangpaatkeun bener-bener, dina kahirupan sapopoé tina tujuh poé éta urang bisa ngagerakeun tanaga, pikiran, nyieun kahadéan, nyieun karya jeung ibadah. Ari *Katineung*, anu hartina inget. Jeung diwangun ku salapan kecap sedengkeun angka anu teu bisa dirobah nyaéta ngan angka salapan jeung anu nyebankeun agama Islam ogé salapan nyaéta para wali, jadi kréatifitas dina kahirupan nyaéta gawé, karya, jeung ibadah. Kudu inget kana kahadéan boh éta dina diri sorangan boh dina kahadéan ti batur.

Sarta kudu boga pamadegan jeung prinsip anu kuat lir ibarat angka salapan anu teu bisa dirobah jeung *La Illa Ha Illallah* ogé kudu bisa nyebarkeun hasil tina élmu anu dimeunangkeun pikeun kahadéan jang di dunya jeung ahérat.

Dina prak-prakan Topéng Bénjang aya sawatara hal anu kudu disiapkeun boh penari boh nayaga anu mirigna. Pikeun penari saacan prungna pintonan atawa pagelaran aya heula prosés latihan sangkan penari leuwih apal deui kana gerakan unggal topéngna. Pon kitu deui nayaga sarua aya prosés latihan sangkan ngapalkeun susunan instrumén lagu-lagu nu dék dibawakeun jeung intrumén tarina. Susunan dina prungna Topéng Bénjang Sanggar Réngkak Katineung di antarana aya tatalu, bubuka, asupna penari topéng, topéng putri, bérés topéng putri ganti ku topéng emban, sabérés topéng emban ganti ku topéng satria, pamungkas ku topéng klana.

Unsur-unsur seni nu ngadeudeulan pintonan kasenian Topéng Bénjang Sanggar Réngkak Katineung ngawengku seni tari, seni musik (waditra), seni rupa (busana), jeung seni sastra. Seni rupa (busana) dina kasenian Topéng Bénjang mibanda opat rupa, dumasar kana opat rupa topéng anu béda-béda. Seni musik (waditra) anu digunakeun dina kasenian Topéng Bénjang Sanggar Réngkak Katineung, nyaéta kendang, tarompét, terebang indung, terebang témpas, terebang kemprang, kecrék, jeung bedug. Seni tari nu digunakeun dina Topéng Bénjang miboga rupa-rupa istilah, nyaéta keupat ancak, keupat gancang, écék-écék, écék-écék jiwir sinjang, géboy, angin-angin, angin-angin tepak bahu, sénggolan, centok, geter *pinggul*, galéong, képrét sampur, gedig, sonténg tajong, mincid, keupat, pakbang, silat, pling, kuda lumping, mincid bénjang, éyong rawis, adeg-adeg alung rawis, mincid rawis, bangbarongan, putar bumi jeung sembah. Seni sastra anu nyampak dina Topéng Bénjang Sanggar Réngkak Katineung mibanda kana lagu Kidung jeung Wangsit Siliwangi.

Dina prosés panalungtikan kapanggih sawatara ajén éstétika saperti ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ékstra éstétis atawa ajén panambah. Éta ajén-inajén téh bakal katitén dina Topéng Bénjang, busana nu digunakeun, waditra nu dipaké. Ajén éstétika anu nyangkaruk dina kasenian Topéng Bénjang bisa jadi salasahiji alternatif ngeunaan ajén éstétika dina hiji kasenian.

## 5.2 Implikasi

Topéng Bénjang mangrupa hiji kasenian Sunda anu dijerona loba amanat jeung ajén-inajén nu bisa jadi bahan pieunteungeun pikeun balaréa. ieu panalungtikan téh tangtu teu leupas ti tiori-tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan, atawa pamarekan panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salasahijina pikeun kamekaran kasenian Topéng Bénjang.

Kamekaran kasenian Topéng Bénjang bisa dimangpaatkeun minangka salasahiji tarékah ngawanohkeun kasenian Topéng Bénjang hususna pikeun ka para generasi ngora atawa nonoman Sunda, satuluyna sangkan daék mikawanoh kana kasenian Sunda. Lian ti éta bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan kasenian Bénjang dina widang Topéng Bénjang.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi pikeun lajuning laku ieu panalungtikan kasenian Topéng Bénjang Sanggar Réngkak Katineung di Kelurahan Cigending, Kecamatan Ujungberung, Kota Bandung. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di Tatar Sunda, hususna kasenian nu aya di Ujungberung.

Sangkan ieu kasenian Topéng Bénjang teu tumpur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna, hususna pikeun kamekaran kasenian Sunda.

- 1) Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa nuluykeun deui panalungtikan tur neuleuman kasenian Topéng Bénjang, sarta ngayakeun deui panalungtikan nu leuwih jero sabab masih kénéh aya pasualan-pasualan anu can kaguar jeung kapaluruh. Sabab loba ajén-inajén nu bisa dijadikeun papagon hirup, sarta loba perkara nu ditalungtik tina kasenian Topéng Bénjang kalayan maké tiori-tiori nu geus aya.
- 2) Masyarakat Jawa Barat umumna, sarta masyarakat Kota Bandung hususna, dipiharep bisa ngawariskeun tur ngawanohkeun deui kasenian Topéng Bénjang ka generasi ngora, sangkan ieu kasenian teu tumpur ku kaayaan jaman. Tur bisa

ngajaga jeung ngamekarkeun sangkan bisa dipikaresep ku masarakat jaman kiwari.

- 3) Lembaga-lembaga kasenian nu dikokolakeun ku pamaréntah, utamana Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kota Bandung, dipiharep bisa leuwih merhatikeun kana Budaya jeung Seni, hususna kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat. Salian ti ngainvén tarisir, pamaréntah bisa leuwih merhatikeun seniman. Tur ieu kasenian téh bisa dipikawanoh ogé ku masarakat lokal jeung internasional.